STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 novanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RE-OUVÈTI QUEENS MIDTOWN TUNNEL POU SIKILASYON KAMYON

Entèdiksyon pou Kamyon Leve Apati 6 a.m. Vandredi 16 novanm

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Queens Midtown Tunnel pral re-louvri vandredi maten, pou rekòmanse sikilasyon konplè nan tinèl la apre toulède metwo yo te inonde pandan Ouragan Sandy.

Re-ouvèti reprezante yon lòt poto-mitan nan reparasyon rapid koneksyon enpòtan Metropolitan Transportation Authority (MTA) ant Queens ak Manhattan. Tinèl la te re-louvri pou otobis yo nan dat 6 novanm, pou vwati yo nan dat 9 novanm, epi kounye a pou kamyon yo apati 6 a.m. Vandredi 16 novanm

Gouvènè Cuomo di konsa, "Pwogrè ki te fèt nan reparasyon Queens Midtown Tunnel se pa yon mirak. Tinèl la pa t janm inonde konsa nan 72 ane istwa li, men apre li anba dlo, li retounen nan sèvis kòm yon koneksyon rejyonal enpòtan pou tren banlye yo ak pou komès la."

Anplwaye Queens Midtown Tunnel te pase senk (5) jou ap retire dlo nan toulède metwo yo sou yon distans 1,6 mil. Answit travay la te chanje nan chanm ponp mitan rivyè pou konsantre sou reparasyon ponp yo pou kòmann travay.

Gwo reparasyon elektrik yo te fèt lòt kote, tankou sistèm ekleraj tinèl la, limyè sikilasyon, sistèm deteksyon veyikil ki twò chaje ak bwat elektrik ki andedan tinèl la, ki te inonde nan dlo a nèt.

Prezidan ak Direktè Jeneral MTA, Joseph Lhota, di konsa, "Anplwaye ak antreprenè MTA Bridges and Tunnels te travay san pran souf lajounen kou lannwit pou repare sèvis la paske yo konprann enpòtans tinèl sa a, non sèlman pou Vil New York, men tou pou tout rejyon an. Rekòmansman sikilasyon kamyon nan koneksyon enpòtan sa a se yon lòt gwo etap nan redrèsman rejyon an."

Queens Midtown Tunnel, ki te louvri pou sikilasyon an nan dat 15 novanm 1940, pote 78.000 veyikil anmwayèn nan yon jou lasemèn.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole